



**Department of
Education**

Chancellor Richard A. Carranza

Chè fanmi,

Nan lekòl leta Vil Nouyòk, se priyorite nou pou kenbe elèv ansante ak ansekirite. Pou pwoteje elèv ki poko gen laj sis ane kont kontak avèk plon, Depatman ekipman lekòl (Division of School Facilities) chèche regilyèman si pa gen penti k ap dekalè nan mi lekòl yo. Se paske lè penti ki te gen plon ladan yo ap dekalè (penti ki ka nan ansyen bilding lekòl yo), sa ka prezante yon risk pou timoun vin an kontak avèk plon, espesyalman timoun ki poko gen laj sis ane. N ap fè tout efò nou kapab pou asire kèlkeswa kote ki ta gen chans pou timoun ekspoze avèk plon, nou rezoud pwoblèm lan imedyatman.

Dènyeman, Depatman ekipman lekòl enspekte salklas nan tout bilding lekòl ki gen timoun ki poko gen laj sis ane, pou idantifye penti k ap dekalè oswa ki andomaje. Nou nan pwosesis pou nou repare tout penti k ap dekalè oswa ki andomaje avan premye jou lekòl la avèk yon pwosesis reparasyon anfòs. Ou ka wè rezilta enspeksyon an sou entènèt nan www.schools.nyc.gov/about-us/reports/lead-based-paint.

Timoun ki poko gen laj 3 ane gen plis chans pou yo ekspoze avèk efè plon an sou sante yo, epi timoun ki poko gen laj 6 ane gen plis ris pase timoun ki pi gran. Pale sou istwa sante pitit ou a avèk doktè li pou yo wè si li apwopriye pou teste san pitit ou a pou plon. Pou jwenn tès san gratis oswa pou jwenn yon doktè, rele 311. Si w gen nenpòt kesyon, tanpri ale sou sitwèb nou an nan www.schools.nyc.gov/about-us/reports/lead-based-paint.

Avèk senserite,

Biwo Chèf Fonksyonman

Enfòmasyon anplis sou kontak avèk plon

Ki efè plon gen sou sante?

Plon se yon metal ki ka fè timoun ak adilt mal lè li antre nan kò yo. Yo rekonèt plon kòm yon pwazon pou sèvo, patikilyèman li danjre pou devlopman sèvo ak sistèm nève timoun ki poko gen laj 6 lane. Plon ka andomaje devlopman, konpòtman ak kapasite yon jèn timoun pou aprann. Prezans plon pandan gwosès ka lakoz tibebe fèt avèk pwa ki piti epi sa ka koze reta nan devlopman timoun. Gen plizyè sous ki gen plon nan anviwònman an, epi li enpòtan pou redui tout kontak avèk plon otan posib. Tès dlo ede idantifye ak korije sous posib plon ki ka lakoz kontak atravè dlo moun bwè.

Ki lòt sous kontak avèk plon ki genyen?

Plon se yon metal yo itilize pandan plizyè syèk pou plizyè rezon, ki lakoz distribisyon l an gwo kantite nan anviwònman an. Gwo sous kontak avèk plon se penti ki gen plon nan ansyen kay, ak plon ki vin fòme apre plizyè ane nan tè ak pousyè akòz itilizasyon plon nan gazolin, penti ak nan endistri. Ou ka jwenn plon tou nan yon kantite pwodui moun



**Department of
Education**

Chancellor Richard A. Carranza

itilize tankou kèk tip seramik, eten, ekipman an kuiv, manje, materyèl plonbri ak pwodui kosmetik. Pafwa plon devlope nan ekipman pou dlo men dlo moun bwè ka vin yon sous posib pou kontak avèk plon si plonbri nan bilding lan gen plon. Premye sous kontak avèk plon pou pifò timoun ki gen nivo plon ki elve nan san yo se penti ki gen plon.

Kiyès ki gen risk pou kontamine avèk plon?

Timoun ki poko gen laj 3 ane se yo menm ki pi grajil pou efè plon genyen sou sante. Plon reprezante tou yon risk pou devlopman fetis. Kontak avèk plon ka gen konsekans sou pwogrè ak devlopman yon timoun.

Kisa nou konnen sou pousantaj kontaminasyon plon pami timoun nan Vil Nouyòk?

Pousantaj kontaminasyon avèk plon pami timoun nan Vil Nouyòk diminye. An 2015, yo te idantifye 5,371 timoun Vil Nouyòk ki poko gen laj 6 ane ki gen nivo plon ki 5 mcg/dL oswa plis nan san yo. Sa reprezante yon diminisyon 18% apati 2014 lè te gen 6,550 timoun ki te gen nivo plon 5 mcg/dL oswa plis nan san yo ak yon diminisyon 86% depi 2005 kote te gen 37,344 timoun ki te gen nivo plon 5mcg/dL oswa plis nan san yo.

Lòt Resous

Pou jwenn plis enfòmasyon sou pwogram tès plon an oswa sou rezilta echantiyon yo, ale sou:

www.schools.nyc.gov/about-us/reports/lead-based-paint

Pou plis enfòmasyon sou plon ale nan:

<https://www1.nyc.gov/site/doh/health/health-topics/lead-poisoning-prevention.page>

Pou jwenn plis enfòmasyon sou prevansyon kontaminasyon avèk plon Depatman sante Eta Nouyòk, ale sou:

<http://www.health.ny.gov/environmental/lead/>

Pou jwenn plis enfòmasyon sou tès plon nan san ak fason pou redui risk kontak avèk plon pou pitit ou a, gade dokiman ki rele “Kisa Tès plon ki nan san pitit ou a vle di”:

<http://www.health.ny.gov/publications/2526/> (disponib nan dis lang).